WIKIPÉDIA

# Musiyum Bank Indonesia

**Musiyum Bank Indonésia** ya iku musiyum kang ana ing Jakarta, Indonésia kang panggonané ana ing Dl. Pintu Besar Utara No.3, Jakarta Kulon (ngarep stasiun Beos Kota), kang manggoni aréa tilas gedhong Bank Indonésia Kota kang kalebu cagar budaya tinggalané *De Javasche Bank* kang alirané neo-klasikal, lan prabawa lokal, lan dibangun pisanan taun 1828.[1]

Musiyum iki nyajèkaké informasi peran Bank Indonésia ing lakuné sajarah bangsa kang diwiwiti sadurungé teka bangsa kulon ing Nusantara nganti dadi Bank Indonésia ana ing taun 1953 lan kebijakan-kebijakan Bank Indonésia, ya iku latar belakang lan akibat kebijakan Bank Indonésia kanggo masarakat nganti taun 2005.[2] Carane kaya gunané teknologi modhèren lan *multi médhia*, kaya ta *display elektronik*, *panel statik*, *televisi plasma*, lan agawé nyaman pengunjung kang padha teka ing Musiyum Bank Indonésia.[2] Saliyané iku uga ana kabeneran lan *koleksi* benda utawa barang kang duwé aji sajarah ing mangsa sadurungé anané Bank Indonésia, kaya ta ing mangsa kraton-kraton Nusantara, antarané wujud koleksi dhuwit *numismatik* kang digawé kanthi apik.[2]

Peresmian Musiyum Bank Indonésia dilakokake kaping pindho, ya iku peresmian I lan mwiwit dibuka kanggo masarakat (soft opening) ing tanggal 15 Dhésèmber 2006 déning Gubernur Bank Indonésia pas iku, Burhanuddin Abdullah, lan peresmian II (grand opening) déning Présidhèn RI Susilo Bambang Yudhoyono, ing tanggal 21 Juli 2009.[2]

Musiyum Bank Indonésia buka saben dina kajaba dina Senin lan libur nasional lan mlebune ora bayar.[2]

## Cathetan suku


1. Museum Bank Indonésia (http://www.jalanjajanhemat.com/2009/04/muséum-bank-indonesia/) (Dipuntingali tanggal 5 Juli 2011)
2. Museum Bank Indonésia (http://wisatamelayu.com/id/object/622/342/muséum-bank-indonesia/?nav=geo) (Dipuntingali tanggal 5 Juli 2011)



Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Musiyum_Bank_Indonesia&oldid=1462123"

**Kaca iki pungkasan diowah nalika 04.00, 17 Oktober 2018.**

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.